# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–15 सितम्बर 2026** **भोजपुरी समाचार**

उत्तर प्रदेश, उत्तराखंड, हिमाचल प्रदेश, हरियाणा, राजस्थान आ दिल्ली के मुख्यमंत्री लोगि आजु जमुना नदी क पुनरुद्धार बदे किशाऊ बहुउद्देशीय बांध परियोजना समझौता पर दस्खति कइलें। नई दिल्ली में गृह मंत्री अमित शाह के मौजूदगी में समझौता पर दस्खति कइल गइल।

एहसे पहिले येही सालि जून में गृह मंत्री अमित शाह येह बारे में येह प्रदेसन के मुख्यमंत्री लोगिन के साथे बइठकी कइले रहलें। बइठकी में ई निर्णय लिहल गइल रहे कि किशाऊ बहुउद्देशीय बांध परियोजना क नब्बे फीसदी लागति केन्द्र सरकार के ओरि से, ओहीं बाकी क दस फीसदी लागति छौ गो भागीदार राज्यन के ओरि से वहन कइल जाई।

**********

केंद्र सरकार कहले हवे कि बैंक, दुइ हजार रूपिया ले क यूनिफाइड पेमेंट इंटरफेस–यूपीआई लेनदेन आ रू–पे डेबिट कार्ड से भुगतान पर कउनों सुल्क नाहीं लगा सकिहें। वित्त मंत्रालय यूपीआई लेनदेन पर सुल्क से जुड़ल नियमन के स्पस्ट करे बदे भुगतान आ निपटान प्रणाली अधिनियम के अन्तर्गत येह बदलावन के अधिसूचित कइले हो।

*वित्त मंत्रालय ने कहा है कि एक व्यक्ति से दूसरे व्यक्ति के बैंक खाते में किए जाने वाले यूपीआई लेनदेन पूरी तरह मुफ्त रहेंगे। अगर भविष्य में कभी भी डिजिटल लेनदेन पर कोई शुल्क– जैसे मर्चेंट डिस्काउंट रेट–एम.डी.आर लगाया भी गया, तो वह केवल दुकानदारों पर लगेगा, ग्राहकों पर नहीं। हालांकि, ये शुल्क भी डेबिट या क्रेडिट कार्ड लेनदेन पर लागू एम.डी.आर से काफी कम होंगे। समाचार कक्ष से जया भारती*

**********

श्रीराम जन्मभूमि भवन निर्माण समिति क अध्यक्ष नृपेंद्र मिश्रा समिति के दुइ दिन क बइठकी के बारे में आजु मीडिया से बातचीत कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि समिति क मुख्य धियान अंतर्राष्ट्रीय रामकथा संग्रहालय के ओरि हवे, काहें से कि मंदिर क निरमाण पूरा हो गइल बा।

*अब हम लोगों का मुख्य ध्यान अंतर्राष्ट्रीय रामकथा संग्रहालय की ओर है, क्योंकि मंदिर का निर्माण तो पूर्ण हो गया है मंदिर के परिसर में। परिसर के बाहर एक ऑडिटोरियम है, जिसका निर्माण चल रहा है। उसमें कुल मिलाकर करीब तीन से चार महीने का विलंब है। लेकिन हम आशा करते हैं कि वह भी कार्य निश्चित रूप से जनवरी–फरवरी तक पूर्ण हो जाएगा।*

**********

आजु राष्ट्रीय इंजीनियर दिवस मनावल जा रहल हो। ई दिवस हर सालि पनरह सितम्बर के भारत क महानतम इंजीनियरन में से एक डॉक्टर एम. विश्वेश्वरैया क जयंती के उपलक्ष्य में मनावल जाला। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी डॉक्टर विश्वेश्वरैया के उनके जयंती पर सरधांजलि अरपित कइले हवें। श्री मोदी कहलें कि एम. विश्वेश्वरैया एगो इंजीनियरिंग प्रतिभा रहलें, जेकर राष्ट्र निर्माण क दूरदृस्टि लोगिन के हमेसा प्रेरित करत रही।

*महान इंजीनियर्स की हमारी विरासत में एक ऐसा रत्न भी हमें मिला, जिसके कार्य आज भी लोगों को अचंभित कर रहे हैं और वे थे भारत रत्न डॉ. एम. विश्वेश्वरैया उन्हीं की याद में 15 सितंबर को इंजीनियर्स डे के रूप में मनाया जाता है। उनके पदचिन्हों पर चलते हुए हमारे देश के इंजीनियर पूरे विश्व में अपने अलग पहचान बन चुके हैं। मैं इस अवसर पर सभी इंजीनियरों को उनकी निर्माण शक्ति को आदर पूर्वक नमन करता हूं।*

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो एगो सोसल मीडिया सनेसा में डॉक्टर एम. विश्वेश्वरैया क जयंती पर उन्हें सरधांजलि दिहले हवें।

**********

भारत क राष्ट्रीय लोक सेवा प्रसारक, दूरदर्शन आजु आपन सड़सठवां स्थापना दिवस मना रहल हो। येह लोक सेवा प्रसारक क सुरूआति ओन्नइस सौ ओन्सठ में ऑल इंडिया रेडियो के तहत एगो प्रायोगिक टेलीविजन सेवा के तौर पर भइल रहे।

*15 सितंबर 1959 को दूरदर्शन की स्थापना के साथ भारत में टेलीविजन प्रसारण की शुरुआत हुई तत्कालीन राष्ट्रपति डॉक्टर राजेंद्र प्रसाद ने इसी दिन दूरदर्शन के पहले प्रसारण का उद्घाटन किया था। वर्ष 1982 में दिल्ली एशियाई खेलों के दौरान रंगीन टेलीविजन की शुरुआत में दूरदर्शन के प्रसारण और दर्शकों की संख्या को नई ऊंचाई दी। वर्तमान में दूरदर्शन के 35 सेटेलाइट चौनल और 66 स्टूडियो केंद्र है यह 24 से अधिक भाषाओं और विभिन्न बोलियाँ में कार्यक्रम प्रसारित करता है। आरजू के साथ शिवांग मिश्रा आकाशवाणी समाचार दिल्ली।*

**********

आजमगढ़ जिला के फूलपुर थान्हा क्षेत्र में आजु सबेरे जगदीशपुर के लग्गे एगो सड़कि हादस में कार सवार तीनि गो नौजवानन क मउति हो गइल ओहीं, आधा दरजन लोगि घाही हवें। ई हादसा ओह समय भइल जब एगो तेज रफ्तार कार सड़कि के किनारे पेड़ से लड़ि गइलि।

**********